



**SUMATIF AKHIR SEMESTER
MI PSM NGLNCONG
TAHUN PELAJARAN 2024/2025**

Mata pelajaran: Bahasa Jawa	Hari/Tanggal :
Kelas : VI (Enam)	Waktu :

Wenehana tanda ping (X) ana huruf a b c utawa d ing wangsulane kang bener!

- Crita kang ana gegayutane karo dumasane sawijining panggonan diarani
 - Sage
 - legenda
 - mitos
 - fabel
- Isine mung khayalan alias ora nyata utawa mokal anane iku titikane crita rakyat kang sinebut
 - Anonim
 - imajinatif
 - irasional
 - kolektif
- Gethok tular tegese
 - Disebarake kanthi cara lesan
 - Nular saka mancanegara
 - disebarake menyang pasar
 - pungkasaen crita ditutup kanthi nggethok tangan
- Sing klebu unsur intrinsik crita rakyat, yaiku
 - alur
 - biografi
 - Riwayat panulis
 - kahanan masyarakat
- Idhe pokok kang dadi dasar crita rakyat diarani
 - alur
 - latar
 - tema
 - amanat
- Ing ngisor iki andharan babagan latar, **kajaba**
 - kahanan
 - papan
 - sandhangan
 - wektu
- Pesen moral iku uga bisa sinebut pitutur....
 - duwur
 - luhur
 - mujur
 - ngucur
- Geguritan kaperang dadi....
 - 1
 - 2
 - 3
 - 4
- Sing klebu titikane geguritan, **kajaba**....
 - isine mentes
 - migunakake basa baku
 - lumrahe nganggo purwakanthi ing ukarane
 - sawetara migunakake tembung kawi
- Supaya mangerteni isine geguritan, sing pisanan dilakokake yaiku
 - Negesi saben larik
 - Negesi tembung angel
 - nggoleki purwakanthi basa
 - nggatekake panganggite
- ing ngisor iki klebu carane maca endah geguritan, **kajaba**... .
 - wirama
 - wirasa
 - wirata
 - wiraga
- kahanan ati sajrone geguritan kayata sedih, susah, bungah, nelangsa, lan sapiturute diarani...
 - wirama
 - winasis
 - wisesa
 - wirasa
- Patrap sing bener nalika maca geguritan, yaiku... .
 - awak bungkok
 - tangane ndhaplang
 - awak jejeg luwes ora kaku
 - pocapan kudu jelas tegas
- Polah obahe tangan, awak, polatan, lan rasa kudu luwes ora kaku, diarani
 - wicara
 - wirama
 - wirasa
 - wiraga
- Crita kang ngrembaka ana ing satengahe masarakat diarani
 - crita cekak
 - crita sage
 - crita legenda
 - crita rakyat

Tembang Mijil

Poma kaki padha dipuneling
Ing pitutur ingong
Sira uga satriya arane
Kudu anteng jatmika ing budi Ruruh
sarta wasis Samubarangipun

16. Guru wilangan ing gatra sepisan ing tembang Mijil ing ndhuwur, yaiku . . .
a. 6 b. 8 c. 9 d. 10
17. Tembang mijil iku ana . . . gatra.
a. 6 b. 7 c. 8 d. 9
18. Sing ora kena dilirwakake, yaiku . . .
a. sira kabeh c. Poma lan kaki
b. poma lan kaki d. kabeh samu barang
19. Ruruh sarta *wasis*.
Tembung *wasis* duweni teges . . .
a. bisa dilakoni kanthi tumemen
b. samubarang kang ala kudu disingkiri
c. seneng nyambut gawe kanthi tumemen
d. pinter banget ana ing babagan budi pekerti
20. Geguritan iku klebu karya sastra sing asalae saka . . .
a. kalimantan b. Sumatra c. Jawa d. Papua
21. Bab-bab kang kudu digatekake nalika maca endah geguritan, *kajaba* . . .
a. wicara b. Wiraga c. Winasis d. Wirasa
22. Petruk bakal diwenahi ngerti sapa bapake kanthi syarat bisa gawe pepadhang Dwarawati.
Tembung sanepan kang ana ing ukara ndhuwur, yaiku . . .
a. pepadhang b. Dikandhani c. Kanthi d. syarat
23. Petruk matur sanadyan sedhik tetep nyoba *nyaput* rasa sedhik kanthi esem.
Tembung *nyaput* nduweni karep . . .
a. nutupi b. Ngilangi c. Minggirake d. nyethakake
24. Punakawan kuwi cacahé papat, yaiku Semar, Gareng, Petruk, lan Bagong.
Petruk yen nyeluk Gareng kuwi kudune nganggo sebutan . . .
a. kakang b. Kowe c. Rama d. adhi
25. Conto ukara pacelathon kang cocog dianggo murid marang guru, yaiku . . .
a. Kula badhe tindak mundhut buku dhateng koperasi.
b. Kula nyuwun ijin badhe tumbas buku dhateng koperasi.
c. Kula nyuwun ijin badhe mundhut buku dhateng koperasi.
d. Kula badhe nyuwun ijin badhe tindak tumbas buku dhateng koperasi.

Geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 26 – 29.

Ngombe, mangan, adus, nandur aku butuh banyu
Nanging, kena apa dina iki ora ana banyu
Setetes wae ora metu
Saka kran ing omahku
Banyu tak **antu** tekamu
Tumetesmu saka kranku
Aku janji yen kowe teka
Ora bakal tak sia-sia

26. Tembung kang kacithak kandel tegese
a. enteni b. Goleki c. Idhamke d. senengi
27. Geguritan ing ndhuwur katulis ing mangsa
a. udan b. Labuh c. Ketiga d. rendheng
28. Sing ora arep disiya-siya, yaiku
a. banyu b. Omah c. Kran d. aku
29. Irah-irahan kang cocog kanggo geguritan ing ndhuwur, yaiku
a. Banyu Udan c. Banyu kali kang gedhe
b. Tumetese Banyu d. Ngantu Tumetese Banyu
30. Anake Pandhu, Raja ing Hastinapura diarani Pandhawa amarga
a. anak telu lanang kabeh c. anak lima lanang wadon
b. anak lima lanang kabeh d. anak loro lanang wadon
31. Pambarepe Kurawa, yaiku
a. Yudistira b. Abiyasa c. Dewanata d. Duryudana
32. Pandhawa **ditundhung** metu saka kraton Astina.
Tembung **ditundhung** tegese padha karo
a. diusir b. Diajak c. disurung d. dikongkon

Ari : _____
Ido : "Sesuk kang digawa, yaiku jarik, gunting, lan solusi."

33. Ukara pitakon kang trep, yaiku . . .
a. Pira kang digawa sesuk?
b. Apa sesuk kudu nggawa gunting?
c. Apa wae kang kudu digawa sesuk?
d. Kapan kudu nggawa kain, gunting, lan isolasi?
34. Gatekna!

Ibu : "Dit, sapa sing mulang ning kelas dhek esuk?"
Adit : _____

- Ukara wangsulane kang apik kanggo wacan ing ndhuwur, yaiku . . .
a. Sing ngasta teng kelas niku Bu Rini.
b. Sing mulang teng kelas nggih Bu Rini.
c. Ingkang ngasta wonten kelas Bu Rini.
d. Ingkang mulang wonten kelas Bu Rini.
35. Cacahing wanda saben gatra diarani
a. guru lagu b. guru gatra c. guru wilangan d. guru swara